
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan,
 oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan administratie.
 Hoofdredacteur:
 B. S O E M A R N A
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemewah.

 REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 1 taoen f 6,-
 1/2 " f 3,- } njoewoen kabajar
 3 woelan f 1,50 } roemijin.
 Adresipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.
 Telefoon no. 885.

 Drukkerij „Canisius” Djokja.

PRADJA RAHAJOE.

JÈN BOTEN NGAMBRA-AMBRA, INGGIH MANDJERO.

Poenapa tegesipoen tetemboengan poenika? Jèn koela gadah sabin sabaoe, ladjeng dados kalih baow, ti-gang baow lan saladjengipoen poenika namanipoen ngambra-ambra. Jèn koela namoeng saged gadah sabin sabaoe, pamedalipoen sapanènan namoeng 38 datjin, mangka ladjeng koela lemèni lan sapanoeng-gilanipoen, ngantos saged medal 60 datjin, poenika namanipoen mandjero. Para maos temtoe sampoen sami mangertos, bilih djembaripoen tanah Djawi poenika tansah adjeg kèman-won, wadji tjatjah djiwanipoen mindak-mindak kèmanwon. Masti kèmanwon jèn wonten golongan ingkang pasitènipoen kadamel ngambra-ambra, golongan sanès kepeksa boten gadah pasitèn. Mangka tiyang Djawi poenika ingkang katah-katah gesangipoen saking pamedaling pasitèn. Manawi boten gadah pasitèn ingkang dipoenteda ladjeng saking poendi? Poenapa tiyang tani kadadosaken tiyang berah? Jèn satoenggal kalih kèmanwon, poenika boten dados poenapa, nanging jèn katah, poenika tjalon ngrisak pradja rahajoe. Mila sasaged-saged, para djempolan ingkang ngadjengaken pradja rahajoe, wadji ngrèka daja amrih ingkang kados makaten poenika boten kelampahan.

Doemoginipoen samangké katah tiyang ingkang boten manah dateng ingkang dipoenwastani njamboet damel mandjero. Tiyang ingkang wonten ing tanah Djawi kètjalon sabinipoen, sami nékad kèsah dateng Soematra perloe sasabin wonten ing ngrika. Kados makaten poenika saé, lo katimbang boten wonten ingkang dipoenteda! Nanging meksa koela tjatjah.

Kados poendi teka dipoentjatjad? Nalaripoen makaten. Tiyang tani ingkang wonten tanah Djawi kekirangan pasitèn, ladjeng nékad dateng Soematra perloe pados pasitèn ingkang wijar, poenika namoeng noeroeti raosing manah. Wonten ing ngrikanipoen inggih pados pasitèn ingkang boten angèl garap-garapanipoen. Tiyang waoe boten ngoelir boedi. Mangga oepami wonten ngrika roemaos rekaos, manahipoen ladjeng nglokro, sambatipoen „Idepa rak ora mréné!”

Inggih „idepa” poenika ingkang kedah dipoengatosaken. Tiyang Djawi oepami ngertos (idepa) manawi ing tanah Djawi ngrika taksih katah ingkang kénging kagarap mandjero, temtoe gesangipoen boten sangsaja ngrekaos.

Kados atoe koela ing nginggil, sabin ingkang namoeng ngedalaken 38 datjin, manawi kagarap mandjero, saged medal 60 datjin. Kita sampoen gadah landbouw-consulent pinten-pinten, oepami tiyang doesoen poeroena njoewoen priksa saénipoen malodjeng lsp. kados poendi, temtoe dipoenwoelangi. Nanging sami boten poeroen, malah mbodokaken dateng para landbouw-consulent. Oepami dipoentjrijosi: „mbok ditjoba,” wangsoelanipoen „tjoba, tjoba, ja nèk kebeneran, nèk ora, rak dadi gawé.”

Boten soesah dateng Soematra, ing tanah Djawi taksih katah wana ingkang kénging kaboebak oepami ing sakiwa-tengenipoen Banjoewangi. Nanging sami boten poeroen mrika, awit ngrekaos panggarapipoen.

Tiyang alit njobi-njobi poenika limrahipoen adjrih jèn kapitoenan. Mila para djempolan ingkang kedah noeladani. Njobi toembas sabin, ladjeng kagarap mandjero, manoeit pitedahipoen landbouw-consulent. Jèn kaleresan, tetijang doesoen kiwa-tengen kaperih manding kalijan gadahanipoen pijambak. Bokmanawi lami-lami poeroen niroe.

Nggarap mandjero poenika oegi satoenggiling sarana kanggé ngadjengaken kagoenan, toemoesipoen dateng ékonomi, ladjengipoen dateng

karipahan (welvaart). Mangga para sadèrèk djempolan, samia paring toelada dateng tiyang alit njamboet damel mandjero.
Jèn Kober.

ONDERWIJS.

P. G. H. B. AFD. BANJOEMAS AWATAK BAPA.

Nalika dinten Slasa tg. 24 Juni '30 bestuur P. G. H. B. afd. Banjoemas ngwontenaken pepanggihan kalijan sad. saking N. S. saha K. S. ing Banjoemas toewin ing kiwa-tengenipoen, manggèn ing grija kamar bolah Éko - Tjipto.

Inggih rawoeh miwah warga bestuur: sad. N. S. 17, sad. K. S. 12, sad. s. sanèsipoen amargi dados bestuuring P. G. H. B. kanti ja goeroe doesoen satoenggal, kanti ja goeroe bantoe kalih, kanti ja H. K. S. satoenggal.

Sadèrèk N. S. saha K. S. Tjilatjap toewin ingkang S. O. Banjoemas soeka ketrangan boten saged rawoeh, amargi wonten alangan. Makaten oegi sad. Soekotjo, voorzitter H. B. P. N. S. lan V. B. P. G. H. B. sami soeka ketrangan kanti telegram nerangaken jèn sami wonten alangan boten saged andjoemenengi pepanggihan.

Saking H. B. K. B. boten wonten ketranganipoen.

Djam 10.20 éndjing pepanggihan dipoenbikak déning voorzitter tjabang, sad. P. S. Atmosoedarma, mawi nerangaken bab maksoedipoen pepanggihan poenika saha nerangaken kados-poendi kawontenanipoen bestuur afd. Banjoemas, ingkang kaa-tor manoeit larasing persatoean.

Inggih dados rembag ing salebeting pepanggihan poenika, i. p. raos lan pekabaran sarta kadadosan ingkang gegandèngan kalijan angkatan leider koersoes goeroe doesoen ing Banjoemas, ingkang ladjeng aboentoet pandjang, ambebajani toemrap tentreming persatoean.

Kawontenaning pepanggihan katingal tata saha inggil peil-ipoen. Toentoenanipoen vergadering pantjen dipoentjeng kanti keras, ngantos keplok saha goemoedjeng dipoenawisi. Inggih nerangaken sadaja kawontenan saha kadadosan ingkang gegajoeitan kalijan rembag ing éndjing poenika, i. p. sad. Dirin (P. G. B. er) minangka soesoelihipoen P. G. H. B., sad. Prawirasoedarma (K. S. er), sad. Martasiswaja (N. S. er) lan sad. Soerawidagda. (N. S. er).

Débat dipoenwontenaken rambah kaping kalih. Inggih toemoet medar sabda langkoeng saking sadèrèk sedasa. Woesaana pepanggihan mendet poetoesan kados ingkang kasaboet ing motie ing ngandap poenika: „Pertemoean diantaranya bestuur P. G. H. B. afd. Banjoemas dengan seloeroeh saudara N. S. ers dan K. S. ers di Banjoemas dan seantèronja, diadakan pada tg. 24 Juni '30 bertempat di rumah kamar bolah Éko - Tjipto, dikoendjoengi oleh 17 N. S. ers, 12 K. S. ers dan seorang goeroe desa, 2 orang goeroe bantoe biasa serta seorang H. K. S. er sebagai anggota bestuur P. G. H. B.

Mendengarkan halnja saudara Soerawidagda, Prawirasoedarma, dan Martasiswaja, ja'toe jang pertama ditoeoerkan dari leider cursus goeroe desa mendjadi hulpleider, jang kedoea diangkat mendjadi leider pada cursus goeroe desa, dan jang ketiga dilepas dari hulpleider.

Mendengarkan lagi pekabaran jang mengadakan salah terima sebagai:

- a. Keangkatan, toeroenan dan kelepasan itoe dari perboeatannja seorang K. B. er
- b. Artikel di Sw. Tm. no. 23 tg. 6 Juni '30 pagina kedoea, berkepala P. N. S. in actie, jang ada kalimatnja berboenji: Sareng sampoen wonten Banjoemas, tansah tampi pasemon saking S. O. nipoen, ingkang isi pangina oet. pandakwa jèn sad. Soera (ma'af, wong ming weton N. S., dadi ora saka K. S.) boten saget njepeng

toentoenan dados leider koersoes goeroe doesoen. Sampoen mesti kèmanwon djalaran leider kala roemijin saking K. S., dus moesti tjakapnja.

Menimbang bahwa keangkatan dan toeroenan serta kelepasan itoe boekannja dari perboeatannja seorang K. B. er.

Menimbang lagi bahwa rasa-rasa jang dapat mengadakan salah terima itoe bersandaran kabar jang tidak boleh dipertjaja.

Berpendapatan bahwa semoea pekabaran angin itoe bohong semoea.

Memoetoeskan:

- a. Membohongan semoea pekabaran angin.
- b. Membohongan kalimat artikel didalam Sw. Tm. no. 23 tg. 6 Juni '30 pagina kedoea, berkepala P. N. S. in actie seperti tersebut diatas.
- c. Menjampakan motie ini kepada V. B. P. G. H. B. H. B. P. N. S. H. B. K. B. dan menjarkannja dalam pers.

Kemoedian pertemoean meneroeskan pembitjaraan sehari-hari.

Sadèrèk saking N. S. sawatawis ngadjengaken oesoel, soepados pepanggihan njetoedjoni dateng motie-nipoen P. N. S. afd. Banjoemas ingkang sampoen kawrat ing serat kabar.

Voorzitter soeka katrangan jèn P. G. H. B. boten saged nanggal, djer dèrèng rembagan, lan malih P. G. H. B. poenika poetraniipoen katah, boten ngemoengaken P. N. S. pijambak kèmanwon. Manawi prakawis poenika badé karembag langkoeng saé dipoenendoer roemijin, mangké P. G. H. B. ladjeng ngrembag.

Prakawis pamoendoetipoen sadèrèk saking N. S. poenika ladjeng dados rembag pandjang lan nelasaken wekdal katah sanget. Woesaana sad. Soepardi oesoel soepados mangké sasampoenipoen pepanggihan kalijan bestuur P. G. H. B. katoe-toep, teroes ngwontenaken pepanggihan malih antawisipoen sadèrèk N. S. ers kalijan golongan sanès. Ngganggé lampah poenika kados wonten poetoesanipoen lan malih P. G. H. B. sampoen nama majar, djer ladjeng boten tjampoer tangan. Oesoelipoen sad. Soepardi dipoenmoepakati déning para ingkang sami lenggah.

Djam 2.30 sijang pepanggihan antawisipoen bestuur P. G. H. B. kalijan N. S. ers saha K. S. ers dipoen-toetoep kanti wilodjeng.

Inggih sami lenggah ladjeng katoeroan neroesaken lenggahan perloe ngrembag motienipoen P. N. S. tjabang Banjoemas. Ananging sadèrèk saking sanès golongan kedjawi N. S. ers sesarengan sami djoemeneng lan nilar papan pepanggihan.

Sad. Soepardi nglairaken kirang renaning pangalihipoen déné pepanggihan boten pikantoeq bijantoeipoen saking golongan sanès, malah kénging dipoenwastani belangstelling saking golongan sanès nihil. Mangka golongan N. S. ers sampoen tjepak pangrembagipoen prakawis motie P. N. S. Banjoemas. Pepanggihan ladjeng boten saestoe dipoentoeesaken.

Pepanggihan ingkang kaping kalih poenika kénging dipoenwastani dipoenbikak, nanging ladjeng teroes dipoentoeoep.

Verslaggever;
 Wg. OENTOENG
 Ingkang noeroen saha andjawèkaken.
 P. S. ATMASOEDARMA.

Noot. Inggih dipoenkadjengaken Redactie poenika pakabaran ingkang NJATA. Jèn wonten pakabaran ingkang boten njata kalebet ing Sw. Tm. poenika margi Redactie taksih woedjoed manoenngsa. Mila Redactie bingah tampi motie poenika, awit dinten ingkang lepat badé ketawis. Motie poenika „membohongan” satoenggiling oekara ingkang kamot ing artikel „P. N. S. in actie” ing Sw. Tm. no. 23. Poenapa boten prajogi jèn ingkang „membohongan” lan ingkang „dibohongkan” (saman ten waoe jèn boten poeroen dipoenmakatenaken) ladjeng sami rembagan mawi njoekeani KATRANGAN sarta dipoenngantos ACCOORD. Redactie memoedji soepados persatoean malah saja kekah, awit jèn boten makaten, ngrendetaken adjenging Indonesia.

STANDAARDSCHOOL RAMBIPOEDJI.

Pakempalan Carmelstichting mentas mbikak Standaardschool énggal wonten ing Rambipoedji S.S./O.L. nalika tanggal 6 Maart 1930.

Tjatjahing moerid sadaja, djalar èstri, salebetipoen woelan:

- Maart wonten 25.
- April „ 38.
- Mei „ 34.
- Juni „ 43.

Moerid-moerid poenika waoe, rajak anakipoen tiyang tani ing Rambipoedji, ingkang sampoen tjampoeradoek kalijan tiyang Medoera; déné poetraniipoen prijantoe (ambtenaren) ing Rambipoedji, namoeng 1/5 ipoen. Pembajaran sekolah, laré satoenggal, ratjak 41 c.

Mandap - minggahing absenten, goemantoeng dateng kawontenan.

Jèn mangsa panèn laré-laré katah ingkang sami pamit, perloe ngré-tjangi dèrèng tiyang-sepoehipoen wonten ing sabin; semanten oegi jèn mangsa tanem.

PANDAMELAN TOEKANG.

(Techniek).

Sadaja tiyang ingkang sami njamboet damel poenika èstoepipoen inggih toekang, nadjan ndara goeroe inggih toekang moelang; ndara mantri poelisi: toekang madosi sisik melik; ndara tjarik: toekang noelis; poen koeli, inggih toekang mikoel, saladjengipoen. Éwasamanten manawi toekang waoe ladjeng dipoenpanambangi: besi, kajoe, batoe alias toekang besi, toekang kajoe, t. batoe, sadjakipoen kok ladjeng katingal alit sanget, poenapa sababipoen?

Sabab 1e. ingkang dipoentolèh namoeng toekang besi ingkang boten wedalan sekolah, roemaosipoen pandamelan toekang besi poenika pandamelan ingkang gampil pijambak, djer tanpa sekolah, boten ngertos pa béngkong, teka inggih saged dados toekang besi; sekolahipun para toekang besi sineboet: ngenèk (ngernèt). Djer ingkang dipoenwastani sekolah poenika, namoeng ingkang sami ngalami linggih ing bangkoe pamoelangan.

Sabab 2e. Toekang besi poenika tanganipoen kapalen, otot pating tjeranteng sami katingal, tedanipoen katah (loedoek).

Sabab: 3e. Toekang besi jèn noedjoe njamboet damel, roepinipoen awon, reged, pating tjaléngos, panganggé boten resik, sami goepak goepak saha lisah, ingkang makaten waoe ingkang sami pirsal ladjeng angrémèhaken; para nèm-nèman ladjeng kipa-kipa dados toekang besi, djer koewatos soeda bagoesipoen, manawi nakokaké moendak dipoen-tampik. Gèk sinten ingkang poeroen dados toekang besi, kedjawi tiyang ingkang sampoen patèn london kados koela.

Katah tiyang ingkang boten sami manggali bilih toekang besi, toekang kajoe poenika gampil dados sarananing pados sandang teda. Pantjen bangsa kita Djawi poenika sabagéan ageng tesih katah ingkang remen dateng pandamelan aloes, dados: djoeroe toelis, goeroe, njamboet damel ing kantor-kantor. enz. Dalasan laré Ambachtsschool, ingkang katah, manawi pados pandamelan, inggih milih dados tekenaar, manawi boten saged angsal pandamelan tekenaar, saweg ngetjakaken pertoe kangani-poen. Pantjen, perkawis kahoermatan poenika, tesih dipoen-gondèli sanget déning bangsa kita Djawi, mangka poenika loegoenipoen ambebajani, manawi kita ngoedi mardikaning tanah Indonesia. Malah djaman roemijin ning inggih nama dèrèng dangoe, kahoermatan poenika dipoenaoesi sanget katimbang pamedal (blandja); tandanipoen: nadjan blandja sitik, dipoenidini nganggé pajoeng prijaji, benik letter W met de Kroon, toembas titel; toer akèh ragadé, sadjakipoen sampoen marem. Negari ingkang boten gadah titel, saged njadèni titel, sareng

ISINIPOEN:

Jèn boten ngambra - ambra - P. G. H. B. afd. Banjoemas - Standaardschool Rambipoedji - Pantès tinoelad - Rambipoedji - Saé ngaten poenika - Tooneelopvoering - Panglimbang - Poespita mantja warna - Ontjen sekar gambir melati - Doekoen Merapi - Wawasan boekoe - Oerap-sari - Correspondentie.

koela ingkang gadah titel kètah, boten wonten ingkang noembasi. E hla keplantrang, njoewoen pangapoenten.
Badé kasambet

KOEROE SÈTRA.

PANTES TINOELAD.

Moegi dadosa panggalihanipoen para K.W. - K.W.!!!

Babagan „Kindervriend.”

Maos artikel ing Sw. Tm. no. 27 babagan „Kindervriend” sanget mongkog manah koela! Loehoer lan moeljaning gegajoehaning „Kindervriend,” koran ada-ada saking Blitar waoe, boten perloe koela atoeraken, djalaran sinten ta ingkang boten kagoengan kajakinan bilih ndadosi para moeda poenika satoenggiling pakarjan ingkang loehoer sanget. Begdja tanah woetah rah kita, jèn para moeda Indonesia sami ngertos dateng wadjibipoen; ngrangkoel lan lèngkèt sanget dateng kaantepanipoen ingkang saé. Tjekak aos „Kindervriend” pantes tampi pangjoebagja, pantes tinoelad, pantes tiniroe; pantes dados panggalihanipoen para ingkang nedja memajoe ajoening djagad Indonesia!!

Para maos!!
 Lairing „Koran” énggal waoe meksa koela nglampahaken pèn, oeloek-oeloek kados kasboet nginggil: njaosi patjitan kagem ngandikan, njaosi panggalihan dateng para K.W. - K.W. soepados manggali kabetahan kita ingkang sanget perloe lan wigatos waoe.

Missie Blitar jasa „Kindervriend” ingkang tjalon njakoep dateng laré-laré H. C. S. - H. I. S. - Standaardscholen lan pam. doesoen. Basa ingkang kanggé tigang warni.

Para sadèrèk, dados kadang Katholiek ing tn. Djawi Wétan, makaten gampilnipoen, sampoen gadah „Kinderkrant.”

Pandjenengan oegi priksa bilih kadang Kath. ing tn. Djawi tengah oegi gadah „Kinderkrant” inggih poenika „H. I. S.” nanging tebanipoen boten wijar kados déné „Kindervriend” ing Blitar waoe; djer namoeng ngrakoep adi-adi koela wedalan oetawi moerid H. I. S. kèmanwon!

Dados dimas-dimas moerid Standaardscholen lan pamoelangan doesoen boten kalebet ngeboek, mangka poenika sadjatosipoen perloe sanget jèn ta kita wigatosaken; djer pandjenengan priksa pijambak, adi-adi koela moerid-moerid Standaardscholen lan pam. doesoen perloe tampi toentoenan lan pitoeloengan ingkang kados gegajoehaning Kinderkrant waoe, nglangkoengi tinimbang para moerid H. I. S.

Doemoei ngriki koela kèngetan, dateng pangandikanipoen Sang Resi moeda nalika dinten ageng mèngeti riajaraning Pangajomaning para moeda, kalokèng rat St. Aloysius wonten ing Mataram. Pandjenenganipoen sanget mrihatosaken dateng kadang kita moeda para moerid-moerid H. I. S. lan Standaardscholen. Pandjenenganipoen kagoengan panggalih badé mitoeloengi dateng adi-adi kita waoe srana damel „Kinderkrant.”

Idam-idaman waoe ingkang kanggé sad. H. I. S. ers sampoen kademoegèn! Sapoenika kanggé dimas-dimas moerid angka kalih, kados-poendi??

Béndjing poenapa sagedipoen kabéngkas??

ER
R
C
E
E

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengoas f 55.—, f 65.—, f 75.—
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-
kas koentji sarta wadah lisah.Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen
tosan sarta tjèt wënter.PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
„WIRIOSOESENO”
Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerahDJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran
Swara Tama

dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÈ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kènging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;

Kereta dan korsi boeat anak - anak;

Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan

— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelian poenja perminta'an
die tanggoeng sampe menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

Pindahan.

M. J. Sapardi } Wignja-
R. M. C. Soepari. } soemarta.

saking Vervolgschool

Panakawan (Krian)

dateng

Sekolahan Kl. 2 No. 1

ing Ngrambé (Post Wali-
koekoen).

KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng

mawi modèl warni-warni; oegi nampi

welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES;

ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN

Houtvester dipoenbetahaken.

Sampoen dangoe nagari ngihtijari
soepados katah para nénéman poe-
roen dados houtvester, pangageng
wana.Tijang wedalan pamoelangan ing
Nederland manawi dados houtvester
wiwitan saged pikantoeke bajaran f 400.Sasampoenipoen njamboet damel
6 taoen, pikantoeke blandja f 600
sawoelan, lan kalih dasa taoen ma-
lih dasa malih saged pikantoeke bajaran
f 1.100.Manawi ladjeng saged dados in-
specteur pikantoeke bajaran inggil-
inggilipoen f 1250, manawi dados
dienstvakhooft f 1350, déné manawi
ladjeng saged dados hoofdspecteur
blandjanipoen f 1500.Pendak nem taoen sapisan, hout-
vester saged angsal prelop 8 woe-
lan dateng Europa lan inggil pi-
kantoeke verlofssalaris.Manawi panjamboet damelipoen
sampoen kalih dasa taoen, sampoen
pikantoeke wewenang pènsijoen.

Waragad postpakket soeda.

Wragad postpakket saking tanah
ngrikli dateng Nederland, Suriname,
wiwit tanggal 1 Djoeli poenika di-
poenedakaken.

Parésidénan ing Priangan Kilèn.

Residentie Priangan Kilèn, manoe
pamirengipoen Java Bode, ingkang
kadadosan saking afd. Soekaboemi
lan Tjandjoer, bokmanawi kéma-
won badé dipoenitjali. Tjandjoer
ladjeng badé kalebetaken Prijangan
Tengah, déné afd. Soekaboemi ka-
lebetaken dateng afd. Buitenzorg.

Ratoe Adil.

Kawertos ing doesoan bawah
Poerwokerta wonten tijang èstri
ngaken Ratoe Adil, damel djampi-
djampi kasadé regi 48 bribil, poe-
napa déné saged njoekani djimatkedotan boten tedas lalandep, regi
f 10. Moeridipoen wonten ingkang
dipoensoekani keris, kanggé soedijan
manawi salebetipoen taoen 1931 oet.
1932 wonten poenapa - poenapa.
Wonten malih ingkang dipoensoe-
kani dom bolonganipoen pitoe. Bol-
ongan waoe katjarisosaken katah
kesektènipoen. Ratoe Adil waoe sa-
gedipoen nampi para moerid jèn
malem Slasa Kliwon, lan para moe-
rid kedah ambekta wiloedjengan.
(A. I. D.)

Oetek Indonesièr.

Rm. Moerdakoesoema, poeta
pambadjengipoen boepati Batang,
katrimah iksamenipoen candidaats-
rechten pérangan kaping kalih, won-
ten pamoelangan loehoer ing Leiden.

Student - student Djepang.

Béndjing tanggal 16 Juli poenika
ing Soerabaja kadatengan student-
student bangsa Djepang ing pa-
moelangan loehoer Taihoku (For-
mosa) ingkang andjadjah tanah
ngrikli, dipoenpangageng goeroeni-
poen nama prof. Hayashi Tsunekichi.
Kita ingkang badé dipoendatengi:
Semarang, Betawi, Bandoeng, Ga-
roet, Djokja, Solo, ladjeng wang-
soel malih dateng Soerabaja teroes
dateng Formosa medal Makasar,
mampir ningali kita palaboehan ne-
nem ing Tiongkok.

Soewakipoen heeren dienst.

Kanggé kapreloewan itjaling hee-
rendienst ing tanah Sabrang ing
begrooting dipoensoedijani arta
f 500.000.Sasanggèn heeren dienst poenika
katindakaken wonten ing papan
ingkang djiwanipoen 15 mljoen
dados kinten-kinten 3/10 nipoen sa-
daja djiwa Indonésijah 51 mljoen.Ing th. Djawi (kinten-kinten 35
mljoen djiwa) kadjawi ing tanah-
tanah partikelir, lan sapéranganipoentanah Kedjawèn, makaten oegi ing
tanah Sabrang, heeren dienst poenika
sampoen kènging dipoenwastani
sampoen kasoewak.Ing koekoeban ingkang kabawah
paréntah ingkang dipoenenggèni
djiwa 41,7 mljoen, sesanggèn hee-
rendienst angèngingi tijang 8 mli-
joen. Ing bawah zelfbestuur ingkang
djiwanipoen 9,4 mljoen ingkang
kakéngingaken heeren dienst papan
ingkang djiwanipoen 7 mljoen.Sapérangan ageng tetijang sami
neboes sesanggènipoen heeren-
dienst. Tijang 1.495.508, ingkang
kènging heeren dienst kala '28 won-
ten 863.074 (57%) ingkang neboes
sesanggènipoen. Katahipoen heeren-
dienst ing sataoen ratjakipoen won-
ten 17 dinten. Déné ing djadjahan
zelfbestuur ingkang neboes sesang-
gènipoen heeren dienst wonten 25%
lan ratjakipoen saben tijang sa-
toenggal pikantoeke aradan heeren-
dienst 23 dinten setaosen. (Het
Nieuws).

Herotjoekro kaboetjal.

A. Diets alijas Goesti Mo-
hammad Hèroetjokro ingkang
misoewoer dados djoeroe apoès
ageng ingkang damel boten tentrem-
ipoen pasrawoengan ing Oengaran,
kakéndangaken dateng Pangkalpi-
nang (Banka).

MANTJA NEGARI.

HINDOE. Ébah - ébahan Gandhi.
Ing ngrika mentas wonten pa-
noentoen èstri dipoenkoendjara.Taroengipoen poelisi kalijan para
kaoem pergerakan taksih teroes.Manoet pawartos saking Bombay
tijang woloeng èwoe mentas sami
arak-arakan noedjoe gedong nagari,
nanging dèrèng ngantos doemoegipapanipoen, saged kabibaraken. Pa-
réntah njarodjoeki pamanggihipoen
commissie ingkang ngalem tindak-
ipoen poelisi lan militèr kala won-
ten ontran - ontran ing Peshawar.
Commissie waoe dipoentoentoen
Shah Muhammad Sulaiman djaksa
ing Hooggerichtshof, kalijan t. Pank-
ridge.TIONGKOK. Manoet katrangan-
ipoen kaptin baita Tjisondari, t. J. J.
Duit, ingkang mentas saking Tiong-
kok, dateng verslaggever Aneta,
wekdal sapoenika bab palajaran bo-
ten wonten pakèwedipoen poenapa-
poenapa, koeli-koeli Tionghoa ing
baita, sami kémawon kalijan sadè-
rèngipoen wonten burgeroorlog. Ka-
wontenan ing Tiongkok sapoenika,
andjalari mlrodipoen regining dol-
lar Tiongkok, satemah andjalari in-
daking reregèn barang. Nanging
mindakipoen regining barang waoe
ingkang katawis wonten toko-toko
Éropah, manawi toko-toko Tiong-
hoa boten patosa anggènipoen ngin-
dakaken. Katentremen oemoen ing
Sjanghai katingal boten kereksa,
kerep wonten brandal sijang-sijangan
tjampoeh wonten margi ageng.DJERMAN. Rijnland mardika. Ta-
nah Rijn ingkang sabakdanipoen pe-
rang ageng kabawah Frankrijk sarta
dipoendjagi saradadoe, sampoen mar-
dika kawangsoelaken dateng Djer-
man malih. Kala 30 Djoeni, bandéra
Parangakik kaoedoenaken, tinampi
kepok mawoerahan, ladjeng gentos,
bandéra Djerman koemlébèt wonten
poendi - poendi; wadya Parangakik
késah saking ngrikoe.
PARANGAKIK. Kamer mentas
moetoes ngedalaken credit 2 mljoen
franc kanggé mèngeti 15 taoenipoen
dinten pisahing Pradja kalijan Pasa-
moewan Soetji. Ingkang tjotjog war-
ga 475, ingkang boten 112.

WAWASAN BOEKOE.

Serat Sekar Matjapat, djilid I, tjap-tjapan
III, wedalan J. B. Wolters, karanganipoen
M. Kartamidjaja ing Serang, regi f 0,25.Serat waoe karengga ing gambar, isi do-
dongéngan tjekak - tjekak sinawoeng sekar
matjapat, kanggé pamoelangan angka kalih
pangkat ngandap, lan pamoelangan doesoan
pangkat nginggil.Sanadyan temboeng-temboengipoen taksih
katah ingkang angèl, éwadéné toemrap para
ingkang ngadjenjaken lalagon ing salebeting
piwoelang tjarijos, prajogi sanget manawi
anggadahan boekoewo. Isinipoen: do-
ngèng drijdi; koetoeke ketjemploeng kalèn;
djago ndjaloeke bali soengoené; glatik ké-
langan anak; kasarasan; kasregepané tawon
madoe; djago adon arep dibelèh; botjah ko-
nangan anggoné amblajang; karoekoenané
semoet; moerid karo embokné; padésan ing
wajah èsoek.Gids Melajoe
tahoen ka VII
oleh

N. V. H. D. Mac Gillavry.

Gids Melajoe poenika kawadalaken ma-
noet taoen Djawi, dados wiwit woelan Soera.
Sinten kémawon saged angsal Gids Melajoe
poenika lelahanan. Pabrik Mac Gillavry
sampoen katah pitoeloenganipoen kanggé
tijang ingkang njamboet damel ing pabrik
ngrikoe. Déné sarana ngadalaken Gids Me-
lajoe poenika oegi soeka pitoeloengan ageng
dateng tijang katah. Isinipoen Gids Melajoe
poenika pepak sanget toer prakawis ingkang
migoenanani dateng ngakatah. Oep. badé soe-
mèrep tjatjahing sekolahan H. I. S. ing tanah
Djawi, saged. Tjajahing sekolahan sanès
makaten oegi. Sinten boten soemèrep, pinten
bajaranipoen sekolahan andap, tengahan lan
sekolahan inggil, saged madosi ing Gids
Melajoe. Sinten badé kintoen tilgram dateng
tanah sabrang, saged madosi ing Gids Me-
lajoe. Tjekakipoen mawarni-warni isinipoen:
dalasan leloetjon kémawon, inggil boten
kantoen. Tjebi poen jektosaken pijambak.Kedjawi poenika ing wingking wonten
lijst temboeng Melajoe kanggé zelfstudie
(Maleisch-Hollandsch). Poenapa malih kalam-
piran oegi kaart tanah Djawi manoe pr-
natan énggal. Pangetjappipoen Gids Melajoe
saé, dlantjanganipoen kapara kesanéen.Redactie matoer noewoen lan memoedji
sageda Gids Melajoe soemèbar ing satanah
Djawi.